



**New York City Dept. of Health and Mental Hygiene  
Office of Vital Records**

**Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk  
Biwo Eta sivil**

**Kijan pou w Kòmande epi Korije yon Sètifika Desè nan Vil Nouyòk**

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal ka delivre Sètifika Desè ki te anrejistre depi 1949 pou rive jiska jodi a. Pou rejis ki pi ansyen yo, kontakte Achiv Minisipal la nan 311 oswa nan 212-NEWYORK si w pa nan Nouyòk. Adrès yo se 31 Chambers Street, chanm nimewo 103, New York, NY 10007. W kapab kontakte Achiv Minisipal la sou entènèt tou nan: [www.nyc.gov/doris](http://www.nyc.gov/doris).

Gen de (2) jan w kapab fè aplikasyon pou w ka jwenn kopi yon sètifika desè nan Biwo Eta Sivil:

**Kijan pou w kòmande yon Sètifika Desè pa lapòs**

Pou w kòmande yon Sètifika Desè pa lapòs sèvi ak yon aplikasyon. Tanpri li esplikasyon ki nan lòt bò aplikasyon an sou dwa w genyen pou w aplike epi si w gen dwa resevwa yon sètifika desè. Gen aplikasyon sa yo sou entènèt nan: [www.nyc.gov/vitalrecords](http://www.nyc.gov/vitalrecords) oswa rele nan 311 pou yo voye yonn ba w pa lapòs. Avèk aplikasyon an se pou w voye:

- yon chèk oswa yon monni òdè (money order) bay NYC Department of Health & Mental Hygiene. Chak sètifika se pou \$ 15;
- yon anvlòp tou tenbre ki adrese sou non pa w;
- kopi yon katdidantite ki siyen epi ki valab toujou (yon katdidantite ki pa ko espire epi ki gen dat l ap espire a sou li) sou non moun k ap fè aplikasyon pou sètifika a. Si w pa gen yon kat didantite, voye de dokiman ki gen non ak adrès w, tankou bòdwo dlo, telefòn, elektrisite, oswa yon lèt ofisyèl yon biwo gouvènman te voye ba w.
- si sètifika a pa pou w men w ap fè aplikasyon an pou yon moun ki gen dwa resevwa l, se pou w bay yon lèt orijinal moun nan siyen epi notarye ki ba w otorizasyon pou w resevwa sètifika a. Se pou w voye kopi katdidantite moun nan ansanm ak kopi katdidantite pa w.

**An pèsòn**

Aplikasyon yo disponib nan zòn datant sèvis kliyantèl nou an oswa nan [www.nyc.gov/vitalrecords](http://www.nyc.gov/vitalrecords). Anjeneral, y ap voye sètifika desè yo anvan 2 oswa 3 semèn fin pase apre ou prezante yon pyès idantifikasyon valid avèk foto sou li (yon pyès idantifikasyon ki poko ekspire e ki gen yon dat ekspirasyon), tankou paspò, lisans chofè machin oswa kat didantite anplwaye. Si w ap aplike pou yon sètifika onon yon lòt moun, ou dwe ban nou orijinal yon lèt notarye ke moun lan te siyen pou otorize yo remèt ou sètifika a. Ou dwe pote tou yon kopi pyès didantifikasyon moun sa a ki gen foto l sou li.

Frè a se \$15.00 pou chak kopi sètifye. Ou gendwa peye avèk lajan kach, chèk, manda (money order), kat kredi oswa debi.

**Adrès**

125 Worth Street, **Room 133**  
(Antre pa Centre Street oswa pa Lafayette Street)  
New York, NY 10013

**Lè Biwo yo louvri**

9è dimaten jiska 3è:30 nan laprèmidi

Liy datant la pi kout apati de 9è jiska 12è dimaten

**Pou w korije yon Sètifikè Desè**

W fèt pou ou prezante yon aplikasyon pou w korije yon setifika desè (VRGI) ak tout dokiman ki jistifye demann pou koreksyon an. **Se pou w founi dokiman orijinal oswa kopi sètifye avèk aplikasyon an, plis yon fotokopi chak dokiman ki nan aplikasyon an.** Si w pa fè sa yo pap okipe aplikasyon w lan. Aplikasyon yo disponib sou entènèt la nan [www.nyc.gov/vitalrecords](http://www.nyc.gov/vitalrecords) oswa rele 311 pou yo voye yon fòm ba w pa lapòs.

**Adrès**

125 Worth Street, **Room 144**

(Antre nan Centre Street oswa pa Lafayette Street)

New York, NY 10013

**Lè Biwo yo louvri**

9è:00 dimaten jiska 3è:00 nan laprèmidi

Liy datant yo pi kout ant 9è – 11è dimaten